

# 8 out

**Ki moun ou ye Senyè ?...**

**Kisa pou m Fè Senyè ?** Travay 22. 8, 10

**(Jezi di :) Men sa Papa m vle : Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p ap janm fini an.** Jan 6. 40

**Senyè, Ki moun ou ye Senyè ? Kisa pou m fè Senyè ?**

Apot Pòl, lè Senyè a te rele l, li te poze li de kesyon esansyèl sa yo ? Mwen menm tou, m ka mande tèt mwen ki moun Jezi ye pou mwen. M pa ka nye egzistans li. Paske ekriyen ki pa konvèti ak ekriyen ki konvèti temwanyen egzistans li depi 2000 an pase. Yo di li te yon nonm ki te sanble ak moun ki t ap viv nan menm epòk ak li yo. Men, eske li te plis ke sa ? Sa se vrè kesyon an. Ki konpòtman mwen genyen devan sa Bib la di : Li te soti kote Bondye ye, e apre li te fin mouri li te leve soti vivan nan lanmò pou l viv etènèlman.

Eske w te li 4 levanjil yo ? Se nan yo nou jwenn tout afimasyon Jezi yo, yo anmenmtan radi ak enb. Aksyon li yo te sanble ak sa l ap di. Mirak li yo moutre pouvwa sinatirèl li e te fè konnen misyon li pou sove moun. Li te gen yon pèsonalite ekstrawòdinè, fòs li ak dousè li, pèfeksyon moral li, tout sa yo moutre mwen ke li te diferan de lòt moun. Pou fini, rezireksyon li detaye e konfime pa yon bann temwen pou tout moun ka rive byen konprann.

Si mwen rekonèt toutbon vre ke Jezi se Pitit Bondye, Konsa, yon 2èm kesyon va soti nan kè mwen : “Kisa pou m fè Senyè ?” Li reponn mwen tousuit, li envite m vin jwenn li jan m ye a, pou m suiv li. Levanjil di mwen ke Jezi te mouri pou peche m yo, pou m ka viv alèz e lib pou li. Li mande pou mwen ba li volan lavi mwen, pou li ka ranpli l e ba li yon sans.

# 8

août

**Qui es-tu, Seigneur ?...**

**Que dois-je faire, Seigneur ?** Actes 22. 8, 10

**(Jésus dit : ) La volonté de mon Père, c'est que quiconque discerne le Fils et croit en lui ait la vie éternelle.** Jean 6. 40

**Seigneur, qui es-tu ? Que dois-je faire ?**

L'apôtre Paul, lors de sa conversion, a posé au Seigneur ces deux questions essentielles. Je peux moi aussi me demander qui est Jésus pour moi. Je ne peux nier qu'il a existé. Des auteurs, païens ou chrétiens, ont témoigné de son existence il y a 2000 ans. Il était bien un homme semblable extérieurement à ses contemporains. Mais était-il plus que cela ? Là est la vraie question. Quelle est mon attitude devant ce qu'affirme la Bible : il venait de Dieu et, après sa mort, il est ressuscité pour être éternellement vivant.

Avez-vous lu les évangiles ? Là nous trouvons les affirmations surprenantes de Jésus, à la fois si hardies et si humbles. La cohérence est absolue entre ses paroles et ses actes. Ses miracles montrent sa puissance surnaturelle et révèlent sa mission pour sauver les humains. Sa personnalité extraordinaire, sa force comme sa douceur, sa perfection morale, tout me montre qu'il est unique. Enfin sa résurrection est détaillée et confirmée de manière parfaitement convaincante par une grande diversité de témoins.

Si je reconnais que Jésus est vraiment le Fils de Dieu, alors jaillit de mon cœur cette deuxième question : "Que dois-je faire, Seigneur ?" Il me répond aussitôt en m'invitant à aller à lui tel que je suis, et à le suivre. L'évangile me dit que Jésus est mort pour mes péchés afin que je vive heureux et libre pour lui. Il m'invite à lui abandonner la direction de ma vie pour qu'il la remplisse et lui donne un sens.